

## ABSTRAK

PT. Sang Hyang Seri (Persero) mangrupa salasahiji pausahaan BUMN anu lumaku dina widang usaha tatanén anu ngajual binih paré, binih palawija, jeung binih *hortikultura*. Dumasar panalungtikan di Kantor Unit Bisnis Regional 1 PT. Sang Hyang Seri (Persero) Sukamandi Subang, panalungtik manggihan masalah dina kagiatan pausahaan nyaéta kaputusan nu meulina handap lantaran konsumén leuwih milih meuli produk pasaing. Éta masalah diduga ku sabab paménta konsumén leuwih milih produk dina harga nu leuwih murah.

Udagan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho pangaruh tetapan harga kana kaputusan meuli konsumén kana Kantor Unit Bisnis Regional 1 PT. Sang Hyang Seri (Persero) Sukamandi Subang. Métoeu panalungtikan anu digunakeunana nyaéta métoeu déskriptip analisis ku cara téhnik ngumpulkeun data primér mangrupa observasi non pasrtispan, wawancara terstruktur, jeung nyebarkeun angket (kuesioner). Ngumpulkeun data sekundér dilakukeun ku cara studi pustaka, wébsite, jeung dokumén pausahaan. Téhnik analisa data anu digunakeun nyaéta analisis skor, uji validitas instrumén, uji réliabilitas instrumén, régrési liniér sederhana, korélasi *rank spearman*, jeung koéfisien déterminasi.

Dumasar data anu di beunangkeun tina hasil panalungtikan, yén régrési liniér aya dina pangaruh positip tetapan harga kana kaputusan meuli konsumén kana Kantor Unit Bisnis Regional 1 PT. Sang Hyang Seri (Persero) Sukamandi Subang. Anapon gedéna pangaruh tetapan harga kana kaputusan meuli konsumén kana Kantor Unit Bisnis Regional 1 PT. Sang Hyang Seri (Persero) Sukamandi Subang nyaéta 63,521% jeung sésana nyaéta 36,479% dipangaruhan ku faktor anu lian teu kaidéntifikasi, saperti lobana pasaing, waktu produksi anu lila, jeung lokasi anu jauh.

Saran ti panalungtik nyaéta Unit Bisnis Regional 1 PT. Sang Hyang Seri (Persero) Sukamandi Subang hadéna ngaheureutan biaya produksi saperti ngurangan upah tanaga poéan ku sistem borongan. Kantor Unit Bisnis Regional 1 PT. Sang Hyang Seri (Persero) Sukamandi Subang hadéna leuwih séléktip dina milih barang atawa bahan anu rék dijadikeun binih. Jeung Kantor Unit Bisnis Regional 1 PT. Sang Hyang Seri (Persero) Sukamandi Subang hadéna milih *supplier* bahan baku anu leuwih hadé pikeun ngurangan katerbatasan stok.

**Kecap galeuh: Tetapan Harga, Kaputusan Meuli Konsumén.**